



Pati 2: Leson 10

Fè bon tè a travay: Ou menm ak Legliz

Tè ki donnen anpil: Kòmanse yon lavi tounèf ak Jezi




Annayiti, preske tout moun fè manje ak chabon. Jan nou konnen sa, lè w ap limen yon dife, ou rasanble plizyè mòso chabon ansanm epi ou limen yo. Chabon ki cho yo gaye dife a sou lòt mòso yo, sa vin bay ase dife pou fè manje a. Kisa ki t ap pase si ou retire yon mòso chabon nan pil chabon ki limen an ? Yon ti tan apre, chabon sa a ap etenn epi li vin fret.

Lè w ap viv relasyon w ak Bondye, ou dwe viv anmenm tan bon relasyon ak lòt kreyen yo tou. Tankou yon ti grenn chabon, lavi espirityèl ou ap etenn si ou detache tèt ou ak Legliz. Gen anpil chans pou lafwa w vin frèt, pou l pa limen ankò.

Labib di : *Annou kenbe esperans nou te deklare a fèm, san brannen. Paske, sila ki fè pwomès la fidèle. Epitou, annou egzamine jan pou nou youn egzòte lòt nan renmen moun epi nan fè bon zèv. Men, fòk nou pa sispann reyini ansanm, jan kèk moun pran abitid pa reyini ansanm nan. Okontrè, se pou nou youn egzòte lòt, sitou kounye a, kote nou wè jou a pre rive (Ebre 10:23-25).*

Ekriti sakre a di nou, kenbe fèm nan lafwa nou epi ankouraje youn lòt pou fè sa ki byen. Men li montre tou te konn genyen kèk kwayan ki te sispann reyini ak lòt yo. Malerezman, genyen kèk kretyen ki kwè yo ka grandi pou kont yo nan lavi espirityèl yo, san yo pa ale legliz.

Ou pa kretyen sèlman pou tèt ou, men ou kretyen pou lòt yo tou. Kominyon fratènèl ak lòt kretyen yo enpòtan anpil pou relasyon pa w ak Bondye. Se sa nou rele **grandi** nan sans **orizontal** la pou yon pyebwa, lè branch li ap pouse deyò.



PLAN POU OU GRANDI



Nan lesyon sa ou pral aprann :

- 1) Enpòtans kapital Legliz genyen pou fè moun grandi
- 2) Kisa Legliz Jezi Kris la ye
- 3) Fason Legliz la dwe viv ansanm



Avan ou ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye ede w konprann pawòl Li, ede w aprann viv nan prezans Li, epi pou ou kapab tounen moun Li vle ou ye a.

YON IMAJ KI ESPLIKE KISA PREMYE LEGLIZ LA TE YE (Travay 2:41-47)



Liv Travay Apòt yo se istwa premye Legliz la. Ti bout istwa sa esplike rankont premye Legliz la ak tout sa ki te konn pase ladan l.

*Alò, yo batize moun ki te kontan asepte pawòl Pyè a. Jou sa a, Bondye ajoute twa mil moun konsa sou gwoup la. Yo t ap **pèsevere** nan ansèyman apot yo, nan **kominyon fratènèl**, nan kase pen, ak nan lapriyè. Krentif antre nan tout namm. Epi, apot yo t ap fè anpil mèvèy ak mirak-siy. Tout moun ki te kwè te ansanm. Yo te sèvi ansanm nan tout bagay. Yo te konn vann pwopriyete ak byen, epi yo te konn separe lavant lan bay tout moun ki te nan bezwen. Chak jou, yo t ap pèsevere nan tèt ansanm nan lakou tamp lan; yo t ap kase pen, kay apre kay; yo t ap manje ansanm ak kontantman, san pretansyon nan kè yo. Yo t ap fè lwanj Bondye, epi tout pèp la te apresye yo. Epitou, chak jou, Senyè a t ap ajoute moun ki sove yo nan legliz la.*



Pemye kretyen yo te konn pèsevere nan kat bagay, kisa bagay sa yo te ye ?

- 1)
- 2)
- 3)
- 4)

Kijan ou ta kapab esplike fason yo te ye lè yo t ap adore epi pase moman youn ak lòt ?

Kòman ou panse premye Legliz la te ede nouvo kreyen yo grandi nan lafwa yo ?

Ki kalte enpak ou panse rapò youn ak lòt la te genyen sou kominote a ?

I Jan 1:7 di : “Men, si nou mache nan limyè a menm jan, li menm, li nan limyè a, nou genyen kominyon youn ak lòt. Epitou, san Jezi Kris, Ptit li a, pirifye nou anba tout peche.”

Kòman ou ka esplike sa : Relasyon nou ak Kris epi relasyon nou ak lòt yo mache ansanm ?

Relasyon nou ak Kris epi relasyon nou ak lòt yo konekte youn ak lòt. Mo "kominyon fratènèl" la vle di "pataje ansanm". Rapò nou youn ak lòt se mwayen pou pwòpte nou anba peche. Bondye te kreye w pou te kapab vi yon relasyon fratènèl espesyal ansanm ak lòt yo, men se pa yon lavi izole, apa. Relasyon fratènèl ou genyen ak pèp Bondye a ap ranfòse relasyon w ak Kris.



FOUYE PI FON : OU SE LEGLIZ



Anpil moun panse "legliz" se yon gwo kay osnon yon sèvis adorasyon, men sa legliz ye a ale pi lwen pase yon kay oswa yon aktivite. Lè apòt Pòl te ekri Legliz lavil Korent, men kòman li te rele yo :

"Nou menm, legliz Bondye ki nan Korent lan; nou menm, Bondye te sanntifye nan Jezi Kris; nou menm, li rele vin sen ansanm ak tout moun tout kote k ap rele non Senyè nou an, Jezi Kris, ki se Senyè ni yo menm, ni nou menm" (1 Korentyen 1:2).

I Korentyen 1:2 defini "Legliz" la nan de fason :

- 1)
- 2)

* *"Sanntifye" vle di vin sen, konsakre pou Bondye, yon sakrifis espesyal pou Bondye.*

Ou se Legliz. Legliz la se pèp Bondye a - nenpòt moun ki rele non Senyè nou an, Jezi Kris, nenpòt ki kote soulatè. Legliz la sen e li sakre. Se pa yon kay ni yon aktivite ; Legliz la se pèp Bondye a.


LFINITE LEGLIZ LA

Ou se yon manm enpòtan nan Legliz la. Pou ede w konprann sa pi byen, I Korentyeyen 12:12-27 bay esplikasyon ak yon imaj :

Vrèmanvre, malgre yon kò gen plizyè manm, li se yon sèl kò. E, malgre tout manm kò a anpil, se yon sèl kò yo ye. Ebyen, se menm jan an tou pou Kris. Paske, kit nou se Jwif, kit nou se Grèk, kit nou se esklav, kit nou lib, se grasa yon sèl Lespri nou te batize pou nou vin yon sèl kò. E, nou tout, se nan yon sèl Lespri a nou te bwè. Kifè tou, se pa yon sèl manm kò a genyen, men, se anpil.

Sipoze pye ta di: "Poutèt se pa men mwen ye, mwen pa nan kò a." Se pa sa k ap fè li pa nan kò a pou sa. Sipoze zòrèy ta di: "Poutèt se pa je mwen ye, mwen pa nan kò a." Se pa sa k ap fè li pa nan kò a pou sa. Si tout kò a te je, ki kote n t ap tandé? Si tout kò a te zòrèy, ki kote n t ap pran sant? Men, jan l ye kounye a, se Bondye ki mete chak manm yo nan kò a, jan Bondye te vle l la. Men, si yo tout te yon sèl kalite manm, kote kò a t ap ye? Men, jan l ye kounye a, genyen anpil manm, men, yo se yon sèl kò.

Je pa ka di men: "Mwen pa bezwen w!" Oubyen ankò, tèt pa ka di pye: "Mwen pa bezwen w!" Toutokontré, manm ki parèt pi fèb nan kò a, yo nesesè tou. E, manm nou panse ki san



onè nan kò a, se yo nou kouvri ak plis onè. Konsa, pati nan nou ki pa prezantab yo, se yo ki gen plis konsiderasyon. Alòske, pati nan nou ki prezantab yo, ebyen, yo pa bezwen sa. Kifè, Bondye ranje manm yo nan kò a pou sa ki manke onè yo, se yo menm yo bay plis onè. Konsa, p ap gen zizani nan kò a. Okontré, manm yo ap chaje tèt yo, menm jan, youn pou lòt. Si yon manm ap soufri, tout manm yo ap soufri ansanm avè l. E, si yon manm resevwa lwanj, tout manm yo ap rejwi ansanm avè l.

Ebyen, nou menm, se kò Kris nou ye, e nou chak apa se yon manm (1 Korentyen 12:12-27).

Kòman ou ka esplike fason Labib sèvi ak imaj kò moun nan pou di kisa Legliz ye ?

Nan premye paragraf la, ki twa fason Bondye ini nou, nou menm kretyen ?

- 1)
- 2)
- 3)

Kòman nou dwe trete chak pati nan kò a epi poukisa nou dwe trete yo konsa ?

Kòman Bondye te gentan planifye pou Legliz la viv epi travay ansanm ?

Ki esplikasyon ou kapab bay pou ou montre ou se yon pati nan kò Legliz la ?

Sonje, “ou se kò Kris la.” Kolosyen 1:18 di nou : “Li se tèt kò a, sa vle di legliz. Li se kòmansman; li se Premye-Pitit pami mò yo, dekwa pou nan tout bagay, se li ki gen premye plas”.

GRANDI DEYÒ : VIV JAN LEGLIZ DWE VIV



Viv moun ak moun pa fasil toutan. Men Kris rele nou pou nou viv tankou yon sèl fanmi. Ti pawòl "youn lòt" la, se yon pawòl Labib repete anpil. Tout vèsè ki parèt la yo, yo genyen yon lòd sou fason nou dwe viv si nou se "Kò Jezi Kris". Li vèsè sa yo epi di tout sa ou wè. **Ekri ki lòd yo bay nan ti kare a. Gade egzanp la.**


I. YOUN LÒT

- ❖ *Se li ki te mouri pou nou dekwa pou nou ka viv avèk li, kit je nou klè, kit n ap dòmi. Donk, se pou nou youn ankouraje lòt, se pou nou youn edifye lòt. Dayè, se sa n ap fè deja (1 Tesalonisyen 5:10-11).*
- ❖ *Grasa Lespri a, nan obeyi nou obeyi verite a, nou pirifye nanm nou pou nou ka renmen frè yo san ipokrizi. Ebyen, se pou nou youn renmen lòt san rete, avèk yon kè ki pwòp (1 Pyè 1:22).*
- ❖ *Anvan tout bagay, se pou nou youn renmen lòt san rete. Paske, lamou kouvri yon bann peche (1 Pyè 4:8-10).*
- ❖ *Men, se pou nou gen bon-kè avèk afeksyon youn pou lòt; se pou nou youn padone lòt menm jan Bondye te padone nou tou, nan Kris (Efezyen 4:32).*
- ❖ *Anfen, frè mwen yo, se pou nou nan lajwa, se pou nou repare tèt nou, se pou nou ankouraje tèt nou, se pou nou gen menm santiman, se pou nou viv nan lapè, epi bondye ki gen lamou ak lapè a va avèk nou (2 Korentyen 13:11).*
- ❖ *Kounye a, frè mwen yo, m ap ankouraje nou nan non Jezi Kris, Senyè nou an, pou nou tout antann nou epi pou pa gen zizani pami nou. Men, repare inyon nou pou nou gen menm lide ak menm panse (1 Korentyen 1:10).*
- ❖ *Donk, aji tankou moun bondye chwazi, moun ki sen, moun ki se byenneme li; sa vle di, abiye nou avèk afeksyon ak kè-sansib, avèk bonte, avèk imilite, avèk dousè, epi avèk pasyans (Kolosyen 3:12-13).*
- ❖ *Pou nou ka geri, nou dwe konfese fot nou yo youn bay lòt epi priye youn pou lòt. Lè lapriyè yon moun ki jis travay, sa kapab fè anpil bagay (Jak 5:16).*
- ❖ *Paske, nou menm, frè mwen yo, Bondye te rele nou pou nou ka gen libète. Sèlman, pa fè libète a tounen yon pretèks pou lachè. Okontrè, se pou nou youn sèvi lòt nan lamou. Paske, tout lalwa akonpli nan yon sèl pawòl, nan pawòl sa a: Ou va renmen pwochen ou, menm jan ou renmen tèt ou (Galat 5:13-14).*

1 Tesalonisyen 5 :10-11 Ankouraje youn lòt Konstwi youn lòt	1 Pyè 1 :22 1 Pyè 4 :8-10	Efezyen 4 :32	2 Korentyen 13 :11
1 Korentyen 1 :10	Kolosyen 3 :12-13	Jak 5 :16	Galat 5 :13-14

2. REFLECHI SOU PAWÒL LAVERITE SA YO

Gade chak pati nan kòw.



Gade men w yo. Reflechi sou jan yo enpòtan pou ou. Imagine, kisa ou patap ka fè san yo. Gade pye w yo. Reflechi sou kòman yo enpòtan pou ou. Imagine tout sa ou patap ka fè san yo. Touche zorèy ou yo. Reflechi sou kòman yo enpòtan pou ou. Imagine tout sa ou patap ka fè san yo. Fèmen zye w. Touche de je w. Imagine kòman lavi a t ap difisil si w pat ka wè.



Kounye a, fè yon ti reflechi sou kòman li t ap difisil pou ou grandi nan Levanjil san ankourajman lòt yo, san pawòl yo k ap enstwi w, san priyè yo, ak san sipò yo nan kò Kris la. Reflechi tou, sou kòman lòt yo bezwen kout men w tou — ankourajman w, pawòl ou pou enstwi yo, priyè w ak sipò w.

3. PRAN ANGAJMAN AK PAWÒL LAVERITE SA YO

Sòm 133:I di : “*Gade ! Ala bon, ala dous lè frè viv ansanm nan linite !*”

Ou se yon pati ki enpòtan anpil nan Kò Kris la. Yo bezwen prezans ou ak sa ou ka pote, e ou menm tou ou bezwen ankourajman Legliz tou. Ebre 10 : 24-25 di nou konsa : “*Epitou, annou egzamine jan pou nou youn egzòte lòt nan renmen moun epi nan fè bon zèv. Men, fòk nou pa sispann reyini ansanm, jan kèk moun pran abitid pa reyini ansanm nan. Okontré, se pou nou youn egzòte lòt, sitou kounye a, kote nou wè jou a pre rive.*”

Pran yon ti tan pou ou reflechi sou fason ou kapab sipòte lòt yo nan Kò Kris la. Ekri pou pi piti twa fason ou kapab fè sa nan kare anba a. Pataje yo ak lòt moun ki nan gwoup ou a.



Ansanm ak mentò ou epi ak lòt disip yo, lapriyè ansanm pou nou mande Bondye pou L dirije nou pandan nap grandi, fòtifye e proteje nou, bay nou sa nou bezwen pou nou viv chak jou, epi pou nou kapab yon ankourajman pou lòt yo.

Tradiksyon: Jean-Mario Michel
© 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)
Dokiman sa yo fêt pou fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa,
men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa.
Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt

